



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSYON KONPLÈ ETA A POU KONBAT ANTI-SEMITIS

Sant anti ayisans nan edikasyon ak konvokasyon anyèl eta a ap fè patenarya ak enstitisyon ak òganizasyon yo pou konbat rayisans epi konsantre sou anti-semitis

Divizyon Dwa Moun Eta a ap pran mezi pou amelyore koleksyon done sou ensidan rayisans ak patipri yo

Biwo Sèvis Viktim yo pral ogmante sipò pou viktim anti-semitis yo lè li senplifye aplikasyon pou konpansasyon viktim lan

Relanse aplikasyon lalwa polis Eta NY ki konsantre sou seminè sou envestigasyon sou krim rayisans yo

Biwo Sante Mantal la kreye kanpay pou rekonèt pwoblèm inik ki antoure sante mantal Jwif Ameriken yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mezi konplè eta a te pran pou konbat anti-semitis. Gouvènè Hochul te fè nan Sant Istwa Jwif la (Center for Jewish History), ki fè Eta New York se premye eta ki reponn a estrateji nasyonal Prezidan Biden lan pou kontre anti-semitis la. Gouvènè a te anonse kreyasyon Sant anti rayisans nan edikasyon epi ak konvokasyon anyèl Eta New York la k ap konbat rayisans, kreye yon anviwònman enklizif, epi konsantre sou eliminasyon anti-semitis. Anplis, Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights, DHR) te anonse plan pou amelyore koleksyon done sou ensidan rayisans ak prejije yo epi lanse premye pwogram ti sibvansyon ajans lan pou travay kont prejije nan kominote a. Biwo Sèvis Viktim lan (Office of Victim Services, OVS) ap travay pou ogmante sipò pou viktim anti-semitis yo lè li senplifye Aplikasyon pou konpansasyon viktim lan, k ap ba yo aksè pou ranbousman. Anplis, Polis Eta New York la ap relanse aplikasyon lwa ki konsantre sou Seminè pou Ankèt sou Krim Rayisans yo. Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la te kreye Pwojektè sou Kanpay Jwif la pou rekonèt pwoblèm inik ki antoure sante mantal Jwif Ameriken yo.

"Antanke Gouvènè Eta a ki gen pi gwo popilasyon jwif ki pa nan Eta Izrayèl la, mwen santi yon responsablite solanèl pou m pwoteje epi leve kominote jwif ki dinamik epi divèsifye nan New York yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Okenn moun pa ta dwe pè pou sekirite yo pandan yo pral travay, ale lekòl, oswa sèlman mache nan lari. Se te toujou priyorite mwen pou kenbe moun New York an sekirite, epi n ap kontinye pran mezi pou konbat anti-semitis la epi itilize chak zouti ki nan dispozisyon nou pou elimine rayisans ak prejije nan kominote nou yo."

"New York se yon lidè nan zafè divèsite, enklizyon, ak tolerans depi lontan," **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Nou fyè pou kontinye eritaj sa lè nou vin premye eta nan peyi a ki reponn ak estrateji nasyonal Prezidan Biden lan pou konbat anti-semitis epi derasinen lahèn. N ap dirije ak lanmou epi n ap konstui kominote ki pi solid, pi an sekirite, epi pi enklizif nan pwosesesis la."

Sant anti rayisans nan edikasyon ak konvokasyon anyèl Eta New York

Gouvènè Hochul rekonèt enpòtans pou eksplwate konesans ak ekspètiv kolektif Eta New York pou konbat rayisans an 2023. Biwo Gouvènè a ap tabli Sant anti rayisans nan edikasyon Eta New York k ap reyini ansanm pati ki konsène yo, antanke yon gwoup travay, ki soti nan yon seri enstitisyon ak òganizasyon, ki enkli City University of New York (CUNY), State University of New York (SUNY), Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department), ak Komisyon pou Kolèj ak Inivèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities, CICU) pou konbat rayisans, kreye yon klima ki pi sekirize, pi enklizif, epi pi ekitab pou tout Nouyòkè.

Pandan ane k ap vini an, pwen santral Sant anti rayisans Et New York ak Rasanbleman Anyèl k ap inogire a, ki pwograme pou sezon ete 2024 la, se ap anti-semitis. Sant lan ap lite ak pwoblèm rayisans siplemantè yo youn apre lòt. Youn nan premye objektif sant lan se pou defini rayisans ak enpak li sou edikasyon. Objektif sant lan se pou abòde entèkonektivite rayisans apre sa plonje byen fon nan manifestasyon presi rayisans lan youn apre lòt ak kijan yo ka abòde yo atravè edikasyon.

Sant anti rayisans nan edikasyon ak konvokasyon anyèl Eta New York la ap:

- Sèvi kòm yon sant entelektyèl ki reyini ansanm ekspè nan akademi ak gouvènman an pou analize, chèche, epi brase lide sou solisyon pou pwoblèm lahèn konplèks ak diskriminasyon yo;
- Konstui alyans nan enstitisyon ak òganizasyon patnè yo, favorize efò kolaborasyon pou idantifye opòtinite pou aksyon kolektif;
- Devlope edikasyon ak fòmasyon pou yon seri pati ki konsène atravè Eta New York;
- Fè rekòmandasyon sou politik ki efikas epi ekitab pou konbat krim rayisans ak diskriminasyon;
- Kominike estrateji pou evalye efikasite inisyativ anti rayisans yo.

Divizyon Dwa Moun Eta New York

Divizyon Dwa Moun (DHR) Eta New York la te anonse jodi a, plan pou amelyore koleksyon done sou ensidan rayisans ak patipri nan eta a. Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije DHR la ap lanse yon liy asistans pou pote plent epi k ap travay ak konsèy prevansyon rayisans ak prejije reyonel yo pou fè pwomosyon resous sa nan kominote nan tout eta a, ak objektif pou obsève koleksyon done ki amelyore ki ka enfòmasyon travay prevansyon rayisans ak prejije kontini ajans lan pou vanse pou pi devan.

DHR te anonse tou jodi a, plan pou Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije li a pou tabli yon premye pwogram ti sibvansyon nan nivo sa ki vize sipòte òganizasyon kominotè ki angaje nan travay anti rayisans ak prejije debaz yo. Sibvansyon sa yo ap disponib pou finans divès inisyativ kominotè kont rayisans ak prejije, ki genyen ladan yo men ki pa limite ak kanpay konsyantizasyon ak edikasyon piblik, pwogram fòmasyon, atelye, ak entansyon pou sipò kominotè apre ensidan rayisans oswa prejije yo. Y ap mete lòt enfòmasyon sou pwogram ti sibvansyon yo, ki enkli kilè aplikasyon yo ap ouvè ak kijan òganizasyon yo ka aplike, ap disponib nan mwa k ap vini yo.

Biwo Sèvis Viktim Eta New York

Biwo Sèvis Viktim ap travay pou rasyonnalize aplikasyon li a pou konpansasyon viktim, k ap ede viktim anti-semitis ak lòt krim yo, aplike pou asistans finansye pou depans ki lye ak krim yo. OVS bay yon filè sekirite ki enpòtan pou moun ki pa gen lòt resous yo. Eta New York te adopte plis pase yon douzèn lwa ki ogmante kalifikasyon pou konpansasyon krim rayisans ak lòt krim, ki enkli konpansasyon pou pèmèt ranbousman pou kèk viktim krim si yo pa blese epi ogmante konpansasyon pou pèt esansyèl oswa pwopriyete pèsonèl ki domaje soti 500 dola rive 2,500 dola. Moun k ap chèche èd pou aplikasyon pou konpansasyon, pwogram nan kominote yo, oswa lòt sèvis pou viktim ak sivivan yo ka vizite www.ovs.ny.gov/connect.

Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York

Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta New York la administre Pwogram Sibvansyon ki sekirize kominote yo kont krim rayisans, bay finansman pou ranfòse mezi sekirite epi anpeche krim rayisans kont sant kominotè san bi likratif ak sivik yo, mize kiltirèl, sant gadri, ak lòt òganizasyon san bi likratif ki ka vilnerab akòz ideyoloji, kwayans, oswa misyon yo. Finansman sa ka itilize pou sipòte amelyorasyon sekirite eksteryè oswa enteryè, tankou ekleraj, kadna, alam, bouton panik, kloti, baryè, kontwòl aksè, vè ki pa ka kase, fim anti eksplozyon, sistèm adrès piblik, ak mezi pou ranfòse sibèsekirite. Finansman yo ka kouvri tou depans ki asosye ak fòmasyon sekirite. DCJS te akòde finansman pou 497 òganizasyon nan tout eta a pou 1,081 pwojè ki bay yon total 51,680,910 dola, avèk 8,899,091 dola ki prale nan 187 pwojè sibèsekirite nan sezon ete sa. Bidjè Ane Fiskal 2024 la bay 25 milyon dola adisyonèl pou sibvansyon pou Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans yo. Yo prevwa rann pwochen faz finansman sibvansyon an disponib atravè yon apèl dòf pou aplikan yo nan desanm 2023.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) nan Eta New York

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York [te anonse jodi a](#) y ap distribye apeprè 38 milyon dola bay òganizasyon san bi likratif nan tout eta a ki fè fas ak risk teworis ak atak ekstremis vyolan ki ogmante. Y ap rann finansman an disponib atravè Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon san bi likratif (Nonprofit Security Grant Program) FEMA a, ki ede ranfòse sekirite epi prepare òganizasyon relijye san bi likratif nan tout peyi a. New York premye nan peyi a nan sa ki konsène finansman total ak kantite benefisyè, ki se òganizasyon Jwif pi souvan.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta New York ap travay ak Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta New York la pou lanse yon seri nouvo Seminè sou Ankèt sou Krim Rayisans. Seminè anvan yo te genyen prezantasyon Biwo Pwokirè Etazini pou Distrik Rejyon Nò a, FBI, ak Lig Anti-Difamasyon an.

Biwo Sante Mantal Eta New York

Biwo Sante Mantal (OMH) Eta New York la te kreye [Pwojektè sou Kanpay Jwif Ameriken yo](#) pou rekonèt pwoblèm inik sou Sante Mantal Jwif Ameriken yo epi bay resous pou devlope yon seminè sou entènèt sou seri egalite ki egziste a k ap fè yon entwodiksyon sou konsiderasyon kiltirèl ak relijye yo, abòde anti-semitis la ak efè li, epi bay pi bon apwòch pou bay sèvis sante konpòtmantal pou kominote sa.

Komisè Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare, "Edikasyon ka yon antidòt ki pwisan kont rayisans lè li favorize anpati, konpreyansyon, ak kapasite rezonman ki enpòtan. Nou se moun k ap aprann pandan tout lavi, epi lè nou ekspoze ak pèspektiv ak istwa ki divèsifye, sa kiltive yon anviwònman tolerans ak akseptasyon, ki finalman demantle prejije ak entolerans. Mwen kwè fèmeman ke nou dwe abòde afwon ensivilite a atravè respè ak yon dezi pou konprann youn lòt kòm yon mwayen pou sipòte kominote nou yo ak valè nou pataje yo."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Rayisans pa gen plas li nan Eta New York. SUNY se yon kote epi l ap toujou yon kote ki byenvini pou tout elèv, fakilte, ak anplwaye epi nou fyè pou prete ekspètiz ak vwa nou pou inisyativ enpòtan sa. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou konbat anti-semitis ak lòt fòm rayisans nan Eta New York."

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "CUNY angaje pou konbat anti-semitis epi asire yon sans sekirite, byennèt ak apatenans pou tout Nouyòkè. Sant anti rayisans nan edikasyon Eta New York la ap ede nou eksplwate ekspètiz CUNY pi byen epi apiye efò pwolonje nou pou konbat anti-semitis la ak rayisans sou tout fòm. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip pou antame aksyon konplè epi enpòtan sa, ki mobilize tout kapasite Eta a epi bay inite objektif ki klè pou kontrekare yon menas mondyal ki toujou prezan epi ki pote domaj."

Ted Deutch, PDG AJC, Biwo PDG Edward ak Sandra Meyer, te deklare, "American Jewish Committee (AJC) fyè pou fè patenarya ak zanmi mwen ak ansyen kòlèg travay

mwen Gouvènè Kathy Hochul pou Mezi Konplè Eta New York pou konbat Anti-semitis. Nou pa ka tann pou travay ak Gouvènè a ak anpil lòt òganizasyon Jwif ki angaje nan travay vital sa pou ede New York vin premye eta ki mete anplas Estrateji Nasyonal Amerikenn pou Konbat Anti-semitis la. De milyon Jwif rele eta New York lakay yo – yon Nouyòkè sou 10 se Jwif. Ansanm, avèk dewoulman nouvo efò renouvle sa yo de Gouvènè a, n ap pwoteje kominote Jwif la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)